

---

TOUAZIÈM CHAPIT  
**Mouin kouè nan Éspri-Sin-an**

---

ATIK 11  
**« Mouin kouè kò moun ki mouri-yo va  
lévé byin vivan »  
(Mouin kouè réziréksion chè-a)**

988 Sinbòl krétyin-an – Déklarasion lafoua-nou nan Bondié Papa-a, Pitit-la ak Éspri-Sin-an épi nan aksion-l ki kréyé, sové épi sanktifié – rivé nan pount tèt-li nan proklamasion réziréksion moun ki mouri-yo nan finisman tan-yo épi lavi pou tout tan-an.

989 Nou kouè byin solid épi nou espéré sa : minm jan Kris-la té vrèman  
655 résisité sot nan pami mò-yo épi l-ap viv pou tout tan-an, konsa tou moun  
ki kòrèk-yo après lanmò-a y-ap viv pou tout tan ak Kris-la ki résisité-a li  
minm k-ap résisité yo nan dènié jou-a (cf. Jn 6, 39-40). Réziréksion nou-  
648 an, minm jan ak pa-l la, sé travay Trè Sint Trinité-a :

« Si Éspri sa-a ki résisité Jézu sot nan pami mò-yo abité nan nou, sa-a ki résisité Jézu-Kri sot nan pami mò-yo ap fè kò lanmò nou-yo viv tout poutèt Éspri-a ki abité nan nou-an » (Rm 8, 11 ; cf. 1 Th 4, 14 ; 1 Co 6, 14 ; 2 Co 4, 14 ; Ph 3, 10-11).

990 Mo « chè »-a dézigné moun-nan nan kondision féblès li ak posibilite  
pou-l mouri-a (cf. Gn 6, 3 ; Ps 56, 5 ; Is 40, 6). « Réziréksion chè-a » vlé  
di après lanmò-a sé pa sèlman lavi nanm-nan ki pa kapab mouri-a k-ap  
364 ginyin, min tou minm « kò lanmò nou-yo » (Rm 8, 11) ap rétonin viv  
ankò.

991 Kouè nan réziréksion moun ki mouri-yo té yon éléman ésansiyèl lafoua  
638 krétyin-an dépi kòmansman-l. « Yon konviksion krétyin-yo : réziréksion  
mò-yo. Sé sa-k fè nou kouè » (Tertullien res. 1, 1) :

« Kòman fè gin kèk nan pami nou ki di : pa gin réziréksion mò ? Si pa gin réziréksion mò, Kris-la pa résisité non plis tou ! Min si Kris-la pa résisité, prèch nou-an vid, lafoua nou-an vid tou [...]. Koulié-a minm Kris-la résisité sot nan pami mò-yo, premié frui nan pami sa-k t-ap dòmi-yo » (1 Co 15, 12-14. 20).

## I. Réziréksion Kris-la épi pa nou-an

### Révélasion Réziréksion-an ofiamézi

992 Sé ofiamézi Bondié té révélé réziréksion mò-yo bay pèp li-a. Éspérans  
 nan réziréksion kò-a vîn prédominé kòm konsékans ki soti anndan lafoua  
 297 nan Bondié Kréatè tout moun-nan, nanm ak kò. Kréatè sièl-la ak tè-a sé li-  
 minm tou ki konsèvé Alians li-a fidèlman avèk Abraam ak désandans li-a.  
 Sé nan doub pèspèktiv sa-a lafoua nan réziréksion-an kòmansé éksprimé-  
 l. Nan èprèw yo-a, mati Makabé-yo té déklaré :

« Roua tout tè-a ap fè nou lévé nan réziréksion lavi tout tan-an, nou minm ki  
 mouri pou laloua-l yo » (2 M 7, 9). « Pito-m mouri nan min moun-yo, antan  
 nou espéré Bondié ap résisité nou » (2 M 7, 14 ; cf. 7, 29 ; Dn 12, 1-13).

993 Farizyin-yo (cf. Ac 23, 6) ak anpil moun nan tan Granmèt-la (cf. Jn 11,  
 575 24) t-ap tann réziréksion-an. Jézu anségné-l byin solid. Li réponn  
 Sadoséyin-yo ki nié sa : « Èské nou pa tronpé, antan nou pa konnin sa ki  
 ékri yo, ni puisans Bondié ? » (Mc 12, 24). Lafoua nan réziréksion-an  
 205 apuiyé sou lafoua nan Bondié ki « pa Bondié moun mouri, min Bondié  
 vivan-yo » (Mc 12, 27).

994 Min gin plis toujou : Jézu fè lafoua nan réziréksion-an fè youn ansanm  
 ak pròp Pèrsòn li : « Mouin sé réziréksion-an ak lavi-a » (Jn 11, 25). Sé  
 Jézu li-minm, nan dènié jou-a, k-ap résisité sa-yo ki té kouè nan li (cf. Jn  
 5, 24-25 ; 6, 40) épi ki té manjé kò-l épi bouè san-l (cf. Jn 6, 54). Dépi  
 646 kounié-a li bay yon sign ak yon garanti pou sa antan-l fè kèk moun ki  
 mouri tounin réviv (cf. Mc 5, 21-42 ; Lc 7, 11-17 ; Jn 11), konsa li t-ap  
 anonsé pròp Réziréksion –pa-l la ki poutan sou yon lòt plan. Osijè  
 évenman san parèy sa-a li palé kòm tankou sign Jonas-la (Mt 12, 40), sign  
 652 Tanp-la (cf. Jn 2, 19-22) : li anonsé Réziréksion-l nan ki t-ap rivé toua jou  
 apré yo fîn touyé-l la (cf. Mc 10, 34).

995 Témouin Kris-la sé « témouin réziréksion-l nan » (Ac 1, 22 ; cf. 4, 33),  
 860 « ki té manjé, ki té bouè avèk li, apré-l té fîn résisité sot nan pami mò-yo »  
 (Ac 10, 41). Éspérans krétyin-an nan réziréksion-an li maké toutantié ak  
 655 rankont avèk Kris-la ki résisité-a. N-ap résisité minm jan avèk li, ansanm  
 avèk li, palintèmediè-l.

996 Dépi nan kòmansman-an, lafoua krétyin-an rankontré inkonpréansion  
 643 ak opozision (cf. Ac 17, 32 ; 1 Co 15, 12-13). « Nan okinn lòt bagay  
 réyéyman lafoua krétyin-an pa jouinn plis kontradiksion ak plis fòs, ak plis  
 rézistans, ak plis fèmté épi obstinasion pasé osijè réziréksion chè-a » (S.  
 Augustin, Psal. 88, 2, 5). An jénéral yo fasil admèt lavi moun-nan kòm  
 moun kontinué apré lanmò-a yon fason spirituèl. Min kòman pou yo t-a fè  
 kouè kò sa-a ki évidamman fèt pou mouri-a t-a kapab résisité pou lavi  
 tout-an ?

### **Kijan mò-yo ap résisité ?**

997 *Sa sa vlé di « résisité » ?* Nan lanmò-a, séparasion nanm-nan ak kò-a,  
366 kò moun-nan tonbé an dékonpozision, pandan nanm-li avansé al rankontré Bondié, antan-l rété poutan nan atant pou-l tounin fè youn ak kò-l k-ap glorifié. Bondié, nan tout puisans li-a, ap tounin bay kò nou-yo lavi définitif ki pap kapab dékonpozé-a antan-l fè yo tounin fè youn ak nanm nou-yo pa pouvoua réziréksion Jézu-a.

998 *Kilès k-ap résisité ?* Tout moun ki mouri-yo : « Sa-k té fè byin yo, sé  
1038 pou réziréksion lavi-a, sa-k té fè mal yo minm sé pou réziréksion jijman-an » (Jn 5, 29 ; cf. Dn 12, 2).

999 *Nan ki fason ?* Kris-la té résisité ak pròp kò-l : « Gadé min-m yo ak  
640 pié-m yo, sé mouin minm minm » (Lc 24, 39) ; min li pa-t tounin nan lavi  
645 sou tè-a. Minm jan-an tou, nan li « tout moun ap résisité avèk pròp kò yo-a, sa yo ginyin kounié-a » (Cc. Latran IV : DS 801), min kò sa-a ap transfigiré nan yon kò gloua (Ph 3, 21), nan yon « kò éspri » (kò spirituèl) (1 Co 15, 44) :

« Yon moun kapab di : “Kijan mò yo ap lévé ? ak ki kalité kò y-ap vini ?”. Ou pa konprann, ou minm, sa-ou simin-an, li pa viv si-l pa mouri, ou minm ki simin-an, sé pa kò k-ap vîn apré-a ou simin, min sé yon grinn ki san po [...]. Yo simin nan sa k-ap gaté, li lévé nan sa ki pap gaté ; [...] mò-yo ap résisité intak [...]. Fò kò sa-a k-ap gaté-a réyèlman abiyé avèk posibilite pou pa gaté-a, épi fò kò sa-a k-ap mouri-a abiyé avèk posibilite pou pa mouri » (1 Co 15, 35-37. 42. 52-53).

1000 « Kòman réziréksion-an ap fèt », sa dépasé imajinasion-nou ak  
647 intèlijans-nou ; sé sèlman nan lafoua nou kapab rivé ladan-l. Min patisipasion nou nan Ékaristi-a déjà ba nou yon avangou transfigirasion kò nou-yo pa pouvoua Kris-la :

1405 « Minm jan réyèlman pin-an ki sot nan tè-a, antan-l résevoua invokasion Bondié-a, sé pa pin komin-an li yé ankò, min Ékaristi-a ki fèt ak dé réalité, sa-k sot sou tè-a ak sa-k sot nan sièl-la : konsa tou kò nou-yo antan yo résevoua Ékaristi-a yo pa kapab dékonpozé ankò, antan yo gin éspérans réziréksion-an » (S. Irénée, hær. 4, 18, 4-5)

1001 *Kilè ?* Définitivman « nan dènié jou-a » (Jn 6, 39-40. 44. 54 ; 11, 24) ;  
1038 « nan finisman tè-a » (LG 48). Réyèlman, réziréksion mò-yo konékté yon  
673 fason intim ak Parouzi (Avènman) Kris-la (tounin Kris-la ap tounin-an) :

« Paské Granmèt-la li-minm, sou lòd ak nan voua Chèf Anj-yo ak nan son tronpèt Bondié-a, l-ap désann sot nan sièl-la, épi moun-yo ki mouri nan Kris-la, y-ap résisité an premié » (1 Th 4, 16).

**Résisité avèk Kris-la**

1002 Si sé vré Kris-la ap gin pou résisité nou « nan dènié jou-a », sé vré tou  
 655 yon sètin fason nou déjà résisité avèk Kris-la. Réyèlman vré, lavi krétyin-  
 an, poutèt Éspri-Sin-an, sé déjà yon patisipasion sou tè-a nan lanmò ak  
 rézireksion Kris-la :

« Nou antéré avèk li nan batèm-nan, nan li nou té résisité, antan nou mét  
 lafoua nan aksion Bondié, li minm ki té résisité-l sot nan pami mò-yo [...].  
 Si nou résisité ansanm avèk Kris-la, sé pou nou chèche bagay ki anro-yo,  
 koté Kris-la chita adouat Bondié-a » (Col 2, 12 ; 3, 1)

1003 Moun ki kouè-yo, antan yo fè youn ak Kris-la gras a Batèm-nan,  
 1227 réyèlman yo déjà patisipé nan lavi Kris-la ki résisité-a ki nan sièl-la (cf.  
 2796 Ph 3, 20), min lavi sa-a rété « kaché avèk Kris-la nan Bondié » (Col 3, 3).  
 « Li résisité nou avèk li, li fè nou chita avèk li nan sièl-yo nan Jézu » (Ep  
 2, 6). Antan nou nouré ak kò Kris-la nan Ékaristi-a, nou déjà fè pati kò li-  
 a. Lè n-ap résisité nan dènié jou-a, « lè sa-a nou minm tou n-ap parèt avèk  
 li nan gloua-a » (Col 3, 4).

1004 Nan tann jou sa-a, kò ak nanm moun ki kouè-a déjà patisipé nan  
 364 dignité pou égzisté « nan Kris-la » ; sé sa-k fè li gin égzijans pou-l  
 1397 réspékté pròp kò-l la, min tou kò lòt moun-yo, sitou lè l-ap soufri :

« Kò-a [...] pou Granmèt-la, épi Granmèt-la pou kò-a. Bondié réyèlman  
 résisité Granmèt-la, l-ap résisité nou tou pa pouvoua-l. Èské nou pa konnin  
 kò-nou sé manb Kris-la yo yé ? [...] Nou pa mét tèt-nou. [...] Fè louanj  
 Bondié, donk, nan kò-nou » (1 Co 6, 13-15. 19-20).

**II. Mouri nan Kris Jézu**

1005 Pou nou résisité avèk Kris-la nou doué mouri avèk Kris-la, nou doué  
 624 « fè pèlerinaj-la louin kò-a, pou nou prézan kot Granmèt-la » (2 Co 5, 8).  
 Nan dépa sa-a (Ph 1, 23) lanmò-a yé-a, nanm-nan séparé ak kò-a. L-ap  
 tounin fè youn ak kò-l ankò nan jou rézireksion mò-yo (cf. SPF 28).

**Lanmò-a**

1006 « Dévan lanmò-a mistè kondision moun-nan parèt nan pi ro degré »  
 164, 1500 (GS 18). Nan yon sans, lanmò kò-a natirèl, min pou lafoua-a, an réalité,  
 « pri travay péché-a sé lanmò » (Rm 6, 23 ; cf. Gn 2, 17). Épi pou sa-yo ki  
 mouri nan lagras Kris-la, li sé yon patisipasion nan lanmò Granmèt-la,  
 pou yo-minm tou yo kapab patisipé nan rézireksion-l nan (cf. Rm 6, 3-9 ;  
 Ph 3, 10-11).

1007 *Lanmò-a sé finisman lavi sou tè-a.* Tan-an ap méziré lavi nou-yo, nan  
 déroulman-l nou chanjé, nou viéyi épi, tankou pou tout réalité ki vivan  
 sou tè-a, lanmò parèt kòm finisman nòm al lavi-a. Aspè lanmò sa-a bay

lavi nou-yo yon maché présé : sonjé kondision posibilite lanmò nou-an sèvi tou pou raplé nou tan nou ginyin pou réalizé lavi nou-an li limité :

« Sonjé Sa-a ki té kréyé-ou la pandan jou ou tou jèn-nan, anvan [...] pousiè-a tounin nan tè-l la koté-l té soti-a, anvan éspri-a tounin kot Bondié, ki té bay li-a » (Qo 12, 1. 7).

1008 *Lanmò sé konsékans péché-a.* Antan l-ap intèprété yon fason otantik sa  
401 Sint-Ékritu-a déklaré (cf. Gn 2, 17 ; 3, 3 ; 3, 19 ; Sg 1, 13 ; Rm 5, 12 ; 6,  
23) ansanm ak Tradision-an, Majistè l'Égliz-la anségné lanmò-a antré sou  
tè-a akòz péché moun-nan (cf. DS 1511). Minm si moun-nan gin yon natu  
376 ki kapab mouri, Bondié té destiné-l pou-l pa-t mouri. Sé poutèt sa lanmò-a  
kontrè a projè Bondié Kréatè-a té ginyin-an épi li antré sou tè-a kòm  
konsékans péché-a (cf. Sg 2, 23-24). « Lanmò [...] kò-a, sa moun-nan pa  
t-ap sibi-a si-l pa-t fè péché-a » (GS 18), sé « dènié ènmi » moun-nan  
doué ranpòté viktoua sou li-a (cf. 1 Co 15, 26).

1009 *Kris-la transfòmé lanmò-a.* Jézu, Pitit Bondié-a, li-minm tou li té  
612 soufri lanmò-a, kòm kondision ki pròp pou moun-nan. Min li-minm  
malgré tranbléman li té gin dévan-l (cf. Mc 14, 33-34 ; He 5, 7-8), li té  
aksépté-l nan yon désizyon soumission total épi lib bay volonté Papa-l la.  
Obéyisans Jézu-a transfòmé malédiksion lanmò-a an bénédiksion (cf. Rm  
5, 19-21).

1681-1690 **Signifikasion lanmò krétyin-an**

1010 Poutèt Kris-la, lanmò krétyin-an gin yon sans pozitif. « Pou mouin  
minm viv sé Kris-la, épi mouri sé yon avantaj » (Ph 1, 21). « Paròl-la  
sètin ; sèké, si nou mouri avèk li, n-ap viv ansanm avèk li » (2 Tm 2, 11).  
1220 Nouvoté ésansiyèl lanmò krétyin-an yo jouinn li nan sa : krétyin-an,  
palintèmediè Batèm-nan déjà « mouri avèk Kris-la » sakramantèlman,  
pou-l ka viv nan nouvoté lavi-a ; si nou mouri nan lagras Kris-la, lanmò  
fizik-la akonpli « lanmò ak Kris-la » épi konsa li réalizé inkòporasion-nou  
nan aksion rédanmsion-l nan :

« Li bon pou mouin pou-m mouri nan (eiç) Kris Jézu, plis pasé pou-m t-a  
kòmandé kòm roua sou bout tè-a. Sé li-minm m-ap chèché, li ki té mouri pou  
nou; sé li-minm mouin vlé, li ki té résisité pou nou. Nésans mouin ap proché  
[...]. Kité-m résévoua limiè klè-a; lè m-a rivé la, m-ap yon moun » (S.  
Ignace d'Antioche, Rom. 6, 1-2).

1011 Nan lanmò-a, Bondié rélé moun-nan vîn jouinn li. Sé poutèt sa, parapò  
a lanmò-a krétyin-an kapab ékspérimanté dézi ki sanblé ak pa sin Pòl-la :  
1025 « Mouin anvi pou-m mouri pou-m al rété avèk Kris-la » (Ph 1, 23) ; épi li  
kapab transfòmé pròp lanmò-l pou-l tounin yon akt obéyisans épi rinmin  
aléga Papa-a dapré égzanp Kris-la (cf. Lc 23, 46) :

« Rinmin-m nan krisifié ; [...] gin yon dlo vivan k-ap palé nan mouin, k-ap di-m sou parandan : “Vini jouinn Papa-a” » (S. Ignace d’Antioche, Rom. 7, 2).

« Kòm mouin vlé ouè ou, mouin anvi mouri » (Ste. Thérèse de Jésus, vida 1).

« Mouin pap mouri, m-ap antré nan lavi-a » (Ste. Thérèse de l’Enfant-Jésus, verba).

1012 Fason krétyin-an ouè lanmò-a (cf. 1 Th 4, 13-14) li éksprimé yon jan byin klè nan litiji l’Égliz-la :

« Granmèt, réyèlman vré, lavi moun pa-ou yo, pa janm pèdi nè, sé chanjé li chanjé. Lè kay nou té rété ladan-an krazé, sé yon kay pou tout tan, ou fè-n jouinn nan sièl-la » (MR, Préface des défunts).

1013 Lanmò sé finisman pèlerinaj moun-nan sou tè-a, tan lagras ak mizèrikòd Bondié té ofri-l pou-l kapab réalizé lavi-l sou tè-a dapré projè Bondié-a épi désidé osijè déstiné final-li. « Lè yon sèl déroulman lavi-nou sou tè-a fini » (LG 48), nou pap tounin nan lòt lavi sou tè-a ankò. « Déstiné moun-yo sé pou yo mouri yon sèl foua » (He 9, 27). Pa gin « réinkarnasion » apré lanmò-a.

1014 L’Égliz-la ankourajé nou pou nou préparé lè lanmò nou-an (« Anba lanmò sibit nou pa-t prévoua, délivré nou, Granmèt » : ansyin Litani sinyo), pou nou priyé Manman Bondié-a intèsédé pou nou « nan lè nou prèt pou mouri » (priyé « Ave Maria »), pou nou konfié nou bay sin Jozèf, patron pou byin mouri-a :

2676-2677

« Konsa nan tout sa ou-ap fè épi pansé, ou doué konsidéré sé kòm si ou t-apral mouri tousuit. Si-ou t-a gin yon bon konsians, ou pa t-ap krinn lanmò-a ditou. Li pi bon pou fè atansyon péché-a pasé pou éséyé fui lanmò-a. Si jodi-a ou pa paré, kòmman ou-ap fè paré démin ? » (Imitation du Christ 1, 23, 1).

« Louanj pou ou, Granmèt mouin,  
pou sè-nou lanmò kò-a,  
sa okinn moun ki vivan pa ka chapé anba-l la.  
Malè pou moun-yo k-ap mouri nan péché mòtèl-yo ;  
kontantman pou moun-yo l-ap jouinn nan trè sint volonté-ou yo,  
paské dézièm lanmò-a pap fè-l okinn mal » (S. François d’Assise, cant.).

### RÉZIMÉ

1015 « Chè-a sé gon (pivo) sovè-a » (« Caro salutis est cardo ») (*Tertullien, res. 8, 2*). *Nou kouè nan Bondié ki kréatè chè-a ; nou kouè nan Paròl-la ki tounin chè pou-l kapab rachté chè-a ; nou kouè nan réziréksion chè-a, dènié bout kréasion-an épi rédanmsion chè-a.*

1016 *Palintèmediè lanmò-a nanm-nan séparé ak kò-a, min nan réziréksion-an Bondié ak tounin bay lavi ki pa kapab dékonpozé-a pou kò nou-yo k-ap transfòmé, antan-l tounin fè-l fè youn ak nanm-nan. Minm jan*

*Kris-la résisité-a épi l-ap viv pou tout tan-an, nou tout n-ap résisité nan dènié jou-a.*

- 1017 « *Nou kouè [...] nan véritab réziréksion chè sa-a nou poté kounié-a » (DS 854). Poutan yo simin nan tonbo-a yon kò ki kapab dékonpozé, l-ap résisité yon kò ki pa kapab dékonpozé (cf. 1 Co 15, 42), yon « kò spirituèl » (1 Co 15, 44).*
- 1018 *Kòm konsékans péché orijinèl-la, moun-nan doué sibi lanmò kò-a « sa li t-ap chapé sot anba-l [...] si-l pa-t fè péché-a » (GS 18).*
- 1019 *Jézu, Pitit Bondié-a, soufri lanmò-a pou nou, libréman, nan yon soumission total épi lib bay volonté Bondié Papa-l. Lanmò-l la ranpòté viktoua sou lanmò-a, antan-l ouvri posibilite sovè-a pou tout moun.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik▶  
aprè-a](#)